# Жоқарғы Кеңес Баслығы Мойнақта бир қатар объектлердиң ашылыў мәресиминде қатнасты

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Камалов 27-ноябрь күни Мойнақ районында пайдаланыўға тапсырылған бир қатар объектлердиң ашылыў мәресимлеринде қатнасты.**

**Image not found or type unknown**

Дәслеп жаңадан қурылған «Тоқпақ ата» жәмәәт мешитиниң ашылыў мәресими болып өтти. Онда Қарақалпақстан мусылманлары қазыятының ўәкиллери, нураныйлар, кең жәмийетшилик ўәкиллери қатнасты.«Тоқмақ ата» мешити бир ўақыттың өзинде 300 адамды өз ишине сыйдыра алады. Мийманлар мешитте жаратылған шараятлар менен танысты, марҳумлардың руўхына Қуран оқылды.Буннан соң республика басшысы районлық Мәдeният орайында район жаслары менен ушырасып, олар менен сәўбетлести, жаслардың пикир ҳәм усынысларын, машқалаларын тыңлады.

Image not found or type unknown

Ушырасыўда жаслардың мүрәжатларында айтылған машқалалы мәселелерди шешиў бойынша Мойнақ районы ҳәкими Е.Еденбаевқа тапсырмалар берилди. Жаслар жоқары оқыў орынларына кириўде берилген жеңилликлер тийкарында быйыл мойнақлы 500 ден аслам жастың студент болыў бахтына миясар болғаны ушын Президентимизге шексиз миннетдаршылық билдирди.

Жоқарғы Кеңес Баслығы Мойнақ районы орайында “TURSINBEK DENT” ЖШЖ тәрепинен пайдаланыўға тапсырылған «TURSINBEK DENT» стоматология жеке меншик клиникасы, «ARAL HOTEL MUYNAK» жуўапкершилиги шекленген жәмийетиниң «Теңиз» мийманханасының салтанатлы ашылыў мәресимлеринде қатнасып, бул орынларда халыққа хызмет көрсетиў ушын кең имканиятлар менен

таnысты.

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Камалов «Мӯйноқ порлоқ текс» тигиӯшилик фабрикасында болып, бул жерде жумыс ислеп атырған ҳаял-қызлар менен сәӯбетлести, кәрханада олардың мийнет етиўи ушын жаратылған шараятлар менен танысты. Соның менен бирге, Мойнақ районлық Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуӯатлаӯ бөлими имаратының қурылыс жумыслары менен танысты.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети